

# Vòt 101

Enfòmasyon Elektoral pou Nouvo

## Kiyès ki kalifye pou

Chak eta genyen règ ki lejèman differan pou detèmine kiyès ki kalifye pou vote. Jeneralman, ou dwe:



- Yon sitwayen peyi Etazini
- Yon rezidan nan kominote kote w ta renmen vote a (pafwa pou yon kantite tan minimòm)
- Omwen 18 lane (nan kèk kominote, moun ki genyen mwens pase 18 lane yo kapab anrejistre epi vote nan kèk elekson lokal oswa preliminè)



Nan kèk ka, men se pa tout moun, ki kapab pa kalifye pou vote paske yo te kondane pou krim, yon desizyon jidisyè, oswa lòt pwosedi. Kontakte responsab elektoral eta oswa rejon ou an si w gen kesyon sou dwa ou genyen pou vote. Pou jwenn responsab elektoral ki nan rejon ou yo, ou kapab ale sou [www.vote.gov](http://www.vote.gov).

## Vote nan 1-2-3

1

### Enskri pou vote



Pifò eta yo mande pou moun k ap vote pou yo enskri anvan menm yo ba yo posibilité pou vote. Konsilte enfòmasyon ki gen rapò ak eta ou an, tankou delè enskripsyon pou moun k ap vote, pandan w prale sou [www.eac.gov/vote](http://www.eac.gov/vote).

- **Anliy** - Kèk eta bay posibilité pou enskri anliy, oswa pèmèt ou tcheke estati enskripsioun ou an anliy. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou eta ou an nan [www.eac.gov/vote](http://www.eac.gov/vote).  
-oswa-
- **An pèsòn** - Ou kapab enskri pou vote an pèsòn nan biwo responsab elektoral ki nan rejon ou an.  
-oswa-
- **Nan Kouye Lapòs** - Ou kapab siyen epi retounen yon fòm enskripsioun pou moun k ap vote nan kourye lapòs. Ou kapab jwenn enstriksyon espesifik pou chak eta epi yon fòm enkripsioun pou moun k ap vote ki tradwi nan 21 lang la: [www.eac.gov/voters/national-mail-voter-registration-form](http://www.eac.gov/voters/national-mail-voter-registration-form).

2

### Toujou enfòme

Responsab elektoral eta a ak rejon an se sous enfòmasyon ki plis fyab pou jwenn enfòmasyon sou vòt yo. Responsab elektoral ki nan rejon ou an kapab verifye estati elektoral ou an epi ba ou enfòmasyon sou kilè ak ki kote ou kapab vote. Responsab elektoral ki nan rejon ou an kapab ba ou yon modèl bilten vòt oswa lòt enfòmasyon sou biwo yo oswa kesyon ki pral parèt sou bilten vòt ou an.



Paj 1 nan 2



Komisyon Asistans Elektoral peyi Etazini


633 3rd Street NW, Suite 200 | Washington, DC 20001

[www.eac.gov](http://www.eac.gov)

## 3 Ale vote!

### Vote an pèsòn

- Chèche biwo vòt kote non ou ladan li an pou w vote.
- Verifye èdtan fonksyonnan biwo vot ki nan eta ou an.
- Rasire w genyen tout bagay w ap gen bezwen yo.



Lè ou rive nan biwo vòt kote w ap vote a:

- Ou pral gen bezwen enskri nan men yon ajan elektoral ki pral asire ou elijib pou resevwa yon bilten vòt. Nan kèk eta, yo kapab mande w bay yon kat idantite gouvènman an bay avan w gen posibilité resevwa yon bilten vòt.
- Ou pral resevwa yon bilten vòt kote ou kapab chwazi moun pa ou yo. Si ou fè yon erè nan bilten vòt pa ou an, ou kapab mande yon lòt bilten vòt. Aprè w fin make bilten vòt ou an, ou pral kapab depoze bilten vòt ou an. Yon fwa ou fin depoze bilten vòt ou an, vòt ou yo anrejistre.

### **Vote nan Kourye Lapòs**

Selon eta w ladan li an, ou kapab kalifye pou resevwa yon bilten vòt nan kourye lapòs. Verifye ansanm ak yon responsab elektoral ki nan rejyon ou an pou w konnen kijan pou w resevwa yon bilten vòt nan kourye lapòs, kilè epi ki kote pou retounen bilten ou an, epi kijan pou swiv pakou bilten vòt ou an nan sèvis postal lan.



### Aksè nan pwogram lan



Kit w ap vote an pèsòn, oswa nan kourye lapòs, ou kapab mande èd lè pou w vote. Kèk jiridiksyon kapab bay bilten vòt yo epi lòt materyèl vòt yo nan lòt lang ki pa anglè.

### Kijan ou ka ede nou?

Chak grenn moun k ap vote kapab rasire yo eleksyon an fyab, san magouy epi gen sekirite. Men kèk fason ou kapab ede:



- Enskri pou vote depi w kalifye.
- Kenbe enfòmasyon ou yo ajou antanke moun k ap vote a. Kontakte responsab elektoral ki nan rejyon ou an si w gen non ou, adrès ou ak apatenans ou nan yon pati ki chanje.
- Verifye tout enfòmasyon sou pwosesis vòt lan nan sous enfòmasyon ou fè konfyans.

Pou fini, pi bon mwayen ou kapab ede se enskri antanke yon ajan elektoral. Eleksyon yo chita sou plizyè milye moun tankou ou pou vin sèvi kominate yo. Kontakte responsab elektoral ki nan rejyon ou an pou w jwenn plis enfòmasyon sou opòtinité pou sèvi kominate ou ladan li an. Jwenn tout enfòmasyon sou eta ou ladan li an la: <https://www.eac.gov/help-america-vote>